

ECHANTIYON LÈT

Chè Paran oswa Responsab :

Pandan ane akademik 2015-2016, pitit ou a te gen apwobasyon pou resevwa sèvis sante (tankou medikaman) ak/oswa akomodasyon dapre Seksyon 504 Lwa Reyabilitasyon 1973 la. Dapre pwosedi pou Ofri Sèvis Sante ak Seksyon 504, li nesesè pou bay yon nouvo otorizasyon chak ane akademik. Nouvo otorizasyon sa a nesesè pou garanti pitit ou a toujou bezwen sèvis nan lekòl la epi si se sa, pou li resevwa sèvis apwopriye a. Fòm otorizasyon ki ajou garanti pitit ou a resevwa sèvis medikal apwopriye doktè fanmi an preskri a, epi pwosedi medikal, dòz medikaman, lè pou yo bay medikaman an, efè segondè medikaman an, etc. pa chanje pandan ane a ki ki pase a. Enfòmasyon sa a nesesè tou pou pèmèt founisè a ofri pitit ou a sèvis apwopriye.

Etandone anpil paran mete randevou konsiltasyon doktè pou ane a ak pou pitit yo ale nan kan nan epòk sa a, nou ankouraje w pare w pou pwochen ane lekòl la epi mande founisè sante pitit ou a ranpli fòm apwopriye yo pou ane lekòl 2016-2017, si l nesesè.

Poutèt sa, tanpri fè doktè/founisè sante pou fanmiy ou ranpli tout pati nan Fòm pou mande Akomodasyon dapre Seksyon 504/Sèvis Sante nou mete avèk lèt sa a.

Tanpri klipse yon ti foto aktyèl pitit ou a sou kwen anwo agòch Fòm pou mande bay medikaman pou yo ka byen idantifye l.

Ou ka voye tounen Fòm pou bay otorizasyon yo ba lekòl pitit ou a anvan dènye jou lekòl oswa voye yo pandan ete a ba :

Pou garanti yo ofri pitit ou a sèvis sa yo nan kòmansman ane lekòl la, ou dwe ranpli fòm yo epi voye yo tounen 29 jiyè 2016 pou pi ta.

Avèk senserite,